Ассаламу гIалайкум!

ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2017 соналъул
14 июль
РУЗМАН

№ 30
(7465)

Газета бахъизе
байбихьана
1937 соналъул
1 декабралда
Багьа 4 гъурущ

12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Нижер гара-чIвари

Районалда газ - халкъалъул халатбахъичIеб рохел

ЛъагIелгун бащадаб замана ана анищал тIуралин, райцентралдеги кватIичIого газ бачIине бугин абун газеталда макъала бахъаралдаса.

Анищ тIубана, райцентралдеги щвана газ, агъвалисезул рохалие гIорхъи букIинчIо, амма гьеб рохел халатбахъичIо… Цо къоялъ «кинабго хIалкIолъи кодосеб» Интерналъул социалиял гьиназда баккана хабар ГьигьалъгIурухъан эхеде ругел росабалъе кьолеб газ гьоркьобкъотIизабунилан.

Чи рикIкIун, рухI рикIкIун букIинарищха гьелда сверухъ щивас жиде-жидер пагьму-пикруялда рекъон бицунеб хабарги, цо рагIуде щуго-анлъго жидерабгоги тIаде жубан. Харбал харбаллъун рукIуна, хIакъикъат бетIергьабазда гурони лъаларо. Гьединлъидал, пикру ккана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель ТIагьир Халидовасулгун ва районалда бугеб газалъул магIишаталъул нухмалъулев МухIамад ХIайбулаевасулгун гьеб суалалда сверухъ гара-чIвари гьабизе.

-ЦIечIеб хIара, кьвагьичIеб туманкI. Гьеб кици ракIалде щвана, ракь кьватIун, ччукIун бугин абун хабарги бицун, райцентралдегун росабалъе газ къотIинабидал. БитIараб буго халкъ ракьгун кьуруги кибего инчIин, газалъул марщабиги дораго ругин, гьезда киналгIаги кьватIелал-гIужалги гьечIин абулел. Щайха гьедин ккараб? Кида биччазе бугеб райцентралде ва росабалъе газ?

ТIагьир Халидов: -Дагъавтодоралъул нухмалъулезда Пятигорск межрегионгазалъул геологазул къокъаялъ бихьизабуна гьеб бакIалда бугеб газалъул марщу ГIандигIурул квегIаб рагIалде бачине кколеблъи. Чачаналда ккараб ракьбагъариялъул хIасил бугин гьабсагIат гьеб марщу унеб нухда ккарал кьватIелгиян бихьизабулеб буго гьез. Районалъул нухмалъиялъ кагъат хъвана «Газпром межрегионгаз» ОООялъул генералияв директор Кирилл Селезневасухъе гьеб суал роцIцIинабиялде кIвар кьейин, районалда газ бачун бугин ва районалда гIадамал газалде рачIиналъул суал къойидасан къойиде роцIцIунеб бугин. Гьезул изну бач1ун хадуб, шагьранухги дагьаб гIатIид гьабун, ракьулъан марщабиги лъун, цо-кIиго моцIидасан гьеб хIалтIи рагIалде бахъинабизе рагIи кьолеб буго Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдурахIман Камиловас. Ванталъулаб къагIидаялъ (маххул тросалъ ккурал кьоялги ран), кIиго километралдаса цIикIкIун манзилалъ ракьулъ хас гьарурал марщабиги рукъун, хIалтIи гьабизе рагIи кьун буго гьес. ХалатбахъичIин рохел абун зигардулел руго нижедаги гIадамал. Гьеб рохел тIадбуссинабизе хIаракат бахъулеб буго районалъул тIалъиялъ.

МухIамад ХIайбулаев:-БитIараб буго. Кьуруги добаго буго, марщабиги гьетIа-кIичIун гьечIо. Амма ракь ччукIкIун буго. ТIоцебе балагьизе араб мехалъ, ракьалъул кьватIелалъул гъварилъи-гIеблъи букIана анцIила щуго-къого см. КIиго анкьидасан геологалгун индал, кьватIелалъул гIеблъи метрагун бащадалдасаги цIикIкIун батана. Гьез бичIчIизабуна цо балагьаб иш ккани, жавабчилъи дида тIаде кколеблъи. Балагьги нилъеда гьикъун бачIунарелъулха...

Газ кьей гьоркьоб къотIизабизе хIасилаб хIукму бачIана Пятигорскалдасан геологазул къокъаялъул бетIер Дмитрий Лизогубовасул. Гьелда рекъон газалъул марщаби, гьабсагIат ругеб бакIалдасан нахъеги рахъун, ракь ччукIкIулареб бакIалде рачине рихьизарун руго ГIандигIурул квегIаб рахъалде (ГьигьалъгIурухъ нухде). Жавабчилъи дида тIад кколелъул, ремонталъулал киналго хIалтIаби рагIалде рахъун, официалияб къагIидаялъ дие изну щвезегIан, гьеб бакIалдасан газ биччазе дида кIоларо.

Гьеб гуребги, Газпромалъул хIакимзабаз тIалаб гьабухъе, официалияб къагIидаялъ газ районалде биччазе ккани, районалъул халкъалъул ункъого процент букIине ккола газ бачине хIадураб.

Гьеб нилъер шартIазда циндаго данде кколарин, газалъул санагIалъиги бихьидал, гIадамаз жидецаго тIалаб гьабилин газ бачине, хIалалъ бачинабулеб жо букIунарин гьебан гьезда бичIчIизабулев вуго дунги.

Халкъалъул халатбахъичIеб рохел цIилъизабизе хIаракат бахъулеб буго нижецаги.

-Микьго росу буго районалда газалдаса халкъалъ пайда босулеб. Чан счетчикалъул хъвай-хъвагIай гьабун бугеб жакъа къоялда? Халкъалъул гIарзал руго жидер счетчиказул хасаб хъвай-хъвагIай гьабулеб гьечIилан…

ТIагьир Халидов: -Районалда газалъул магIишат рагьун хадуб, нижеца газ бачеян рачIарал гIадамазул гIарзал хъвай-хъвагIай гьабизе гьезухъе кьуна. ГьабсагIат гьеб суал гьав МухIамад Загьидовичасул «къайимлъиялда» бугелъул, гьес кьезе батила гьелъие жавабги.

МухIамад ХIайбулаев: -Жакъа къоялде районалда вуго газалъе счетчикалъул хъвай-хъвагIай гьабурав нусиялда лъабкъоялда анцIго абонент. Нижер хIалтIухъабаз кинабниги лъун буго анлънусиялда кIикъоялда анцIго счетчик. Гьелда тIадеги, лъабнусгоялде гIунтIун счетчик цогидал чагIаз лъуралги руго, гьезул суал рукIкIалиде ккезабизе ккола хъвай-хъвагIай гьабилалда цебе.

-ГIарз буго халкъалъул бухIараб газалъухъ гIарацги босулеб гьечIин, кибе кьезесебги лъалеб гьечIин. Бегьуларищ нужерго идараялда рагьизе абонентазухъан гIарац босулеб касса, нилъерго гIадамазе хIалтIулал бакIалги рукIине? Кинабго кабинет-контора Болъихъе бачине ккани, гьеб гурелъулха дунялаллъулго тахшагьар…

Руго харбал счетчиказул рихьизариялги хисизарун, «дуеги-диеги бащад гьабулеб» къагIидаги бугин цо-цоязулин. Цоги, букIунищ гьанжелъизегIан харж гьабураб газалъухъ кколеб гIарац тIаса бахъи (списать)?

ТIагьир Халидов: -Конфета бихьизабуна халкъалда, гьез гьеб кванана ва тIагIам лъикIаб букIин бичIчIана. Гьебго жо буго гьанибги. Токалъул санагIалъабазул бицинаро, гьел узухъда, чара гьечIел руго. Амма газалъулги санагIалъаби ва гьеб учузчIей халкъалда бичIчIана. Гьединлъидал, гьабсагIат районалдаго хIисаб гьабуни, азаргоялдасанги цIикIкIун чияс буго газ бачун, гьеб хIалтIи жегиги ина цебехун. Официалияб къагIидаялъ районалде газ кьолеб къоги бачIина, районалъул администрациялъги гьелда сверухъ къойилаб хIалтIи гьабулеб буго.

МухIамад ХIайбулаев: -Кинабго «гъанкъулеб» буго нилъер гIадамазул «лъикIлъиялъ». Дица цебеккун дургун ккараб гара-ч1вариялда бицун букIана газ бачиялъул багьаби нижеца чIезарурал гурин, бищун гIодобегIанасеб къадар ва хадубккун борцунеб къагIида чIезабураб низам Газпромалъул тIадчагIаз битIараб бугин абун. Амма гьеб анцIила микьазар гъурущ гIадатияб халкъалъе гуреб, гIарцул чунтби цIуразе «зодоб бахараблъун» ккана. Нижеего гIарцал гьарулел ругин нижилан харбалги риччан, гIемер халгьариял тIоритIана нижеда сверухъ. Миллионалги «рикъун» ругелъул нижеца, ниж жанире тIамизе бокьаралги ккана. ТIадехун абухъе, доб официалияб къагIидаялъ газ биччайдал, дица хIаракат бахъила абоненталъулаб хъулухъ нилъехъго рагьизе, бажарараб кумеклъун букIина гьеб гIадамазе хIалтIи щвезеги.

ГьабсагIат гIарац бакIарулеб буго Болъихъ райгазалдасан рачIунел контролерал-гIолохъабаз. «Дуеги-диеги бащад» гьабулеб къагIида букIунеб «гIадат» бугоха счетчикал хIалтIизарулел бакIазда, кигIанасеб къадаралда гьеб битIараб бугебали лъаларо, хIакъикъат лъаларел харбазда божунги жо ккеларо, амма букIине рес буго гьединги.

Дица цебеккун абухъе, касса гьанибго рагьизе хIаракат бахъиялъе буго цогиги гIилла: нилъеца абухъе «дуеги-диеги» гьабидал, мисалалъе босани, районалда бухIараб лъабазарго кубометралъул азарго-азаралда щунусго кубалъухъ гурони кассалде гIарацги щвечIони, хутIараб азарго-азаралда щунусго кубалъул гIарац кибе арабилан жаваб дихъан тIалаб гьабула газпромалъулаз. Гьале бухIараб къадарги, гьале гьелда рекъон гIарацгиян абизе ккани, дие хIажалъула районалда касса ва контролерал рукIине. Ригьзабахъ ругел счетчикал нахъе кьуризаруниги, бетIераб компьютералде бачIунелъулха доб кинабгоялъул тарих…

Нижер гара-чIвари

Районалда газ - халкъалъул халатбахъичIеб рохел

БухIараб газалъухъ кколеб гIарац тIаса бахъи лъиего гьечIо, жакъа гъурущ кьун, метер кIиго кьунги гьеб бецIизе ккола, цебеккун абухъе, щивасул баянал рукIуна бетIераб компьютералда Пятигорскалда…

-Газ бачаралъухъ гIарац босулеб буго квитанция ва кинабгIаги документ кьечIого…

МухIамад ХIайбулаев: -Газ бачун лъугIидал, счетчикалъул кагъталги рукъалъул планги бачIуна газ бачарав чияс нижехъе. Гьелда рекъон бахъула минаялъул генералияб план, щивасул дело букIуна нижехъ (МухIамадица нижеда бихьизабуна делобазул архив). Кинабго хIалтIи рагIалде бахъиндал, бетIергьаби рачIине ккола нижехъе техникияб подсоединениялъухъ кьезе кколеб кIиазаралда анкьнусиялда лъабкъоялда кIиго гъурущги (2762) босун. Гьеб буго доб бищун гIодобегIанаб (щивасул батIи-батIияб букIине бегьула гьеб къадар, газалъул аслияб марщуялдаса рикIкIалъи бихьун) кьолеб анцIила микьазаргоялде т1адеги кьезе кколеб.

Гьеб гIемер-дагьилан харбал рукIана. Дица БолъихьангиМахIачхъалаялдасанги махх регъолел чагIи-газовикал ахIулел рукIана районалде газ бачине, цо-кIиго азарго гъурщие хIалтIи учуз гьабизе. Жал гIабдалзаби гурин анцIила микьазарго гъурщие хIалтIизеян дидаго тIасан рельана. Жакъаги абулеб буго, анцIила анкьгоялдениги газ бачунев чи ватани, вачIаян…

Амма гьанже анцIила микьазарго гъурщидасанги цIикIкIине буго гьеб хIалтIухъ гьабулеб харж гIадамазе. Халкъалъе бокьидал «официалияб къагIидаялъ» газ бачине, бачилаха…

-ГIадамазул гIарзазул добго папкаялдасан буго хадусеб суалги. Абулеб буго Путиница цIумадисезе газ лъабго соналъ чIобого тун бугилан. Щиб абилеб гьелда сверухъ?

ТIагьир Халидов: -Москваялда газпромалъулазул цо данделъиялда букIана хабар магIарухъ ругезе газ дагьаб хира кьезе кколин абун. Гьенив кIалъазе вахъарав дица бичIчIизабуна гьадингоги захIматал шартIазда гIумру гьабулел Дагъистаналъул мугIрузул халкъалъул гьийин кванай берцин бихьуларин ва рекъон гьечIин абун. Дир пикруялъухъ гIенекканаха газпромалъул хIакимзаби, ва жакъа халкъалъ пайда босараб газалъул кубометралъул багьаги буго щуго гъурущгун анлъго капек.

МухIамад ХIайбулаев: - Валлагь, Владимир Путинил гьединаб хIукмуялъул кагъат дихъе бачIани, дун гьелдаса вохарав вукIинаан.

-Баркала гара-чIвариялъухъ.

Хадижат Залимханова

Шекъер тIереналъул, тIину гIебалъул...

ГIабдула ГIумаровичасе сайгъат гьабула

Шекъер тIереналъул, тIину гIебалъул,
ТIеларищ дагьаб жо, дару гьабизе-?
МугIалимлъиялъул соналги рикIкIун,
СагIтал рикIкIиларищ рекIелгъеялъе...

Ахирисеб цIумур, цIезабе цо лълъар,
ЦIалул кьимат хвараб заманалдаса.
Чорхол сахлъи кьураб, сагIу рещтIараб,
Сонал кире арал, кин гьел роржарал-?!

Лъималгун дагIбадун, дарсалги кьуна,
Данде жаваб гьечIеб кьиматги лъуна.
Рокъоб дарс цIалулев цIалдохъан анищ,
ЦIалул ургъел бугел умумул анищ-!...

Биччанте, ГIабдула, цо щобил бакъан,
Щобдаса гирарав мугIалимасул...
ГIодизабе аргъан, гъугъазабе зоб,
Гъаримав учитель ваче бакъулъе...

ЕГян гаргаде, гор свери бахъе,
Грант щвараб жугьа, жубазабе гьорлъ,
Коммунальниязул, коррупциялъул,
Каламго бахъуге, кечIги ахIуге...

ТIоцебесеб цIумур-цIалул байбихьи.
Ахирисеб цIумур-пашманлъи, рохел.
ГIолохъанлъи, херлъи, ихги, хаселги,
Хисулеб, сверулеб соназул гьобо.

ГIабдула Зубаиров

«ЦIумадисезул гьаракь» газеталъ 80 сон тIубаялде

Гьаб соналъул 1 декабралда 80 сон тIубала районалъул «ЦIумадисезул гьаракь» газета къватIибе биччазе байбихьаралдаса. ТIоцебе газета къватIибе биччана «Ленинил байрахъ», хадубккун- «Колхозчи» цIаразда гьоркь.

1992 соналдаса нахъе газета къватIибе биччала «ЦIумадисезул гьаракь» абураб цIаралда.

Газеталъул тIогьиллъарал тIамчал

Гьадин хъвалеб букIана 1967 соналъ нилъер районалъул «Колхозчи» газеталда

ЦIалдохъабазул слет

Гьал къоязда Агъвали райцентр берцинлъизабун букIана тIабигIаталъ гуреб ги, районалъул школазда 1966—67 цIалул соналда цIалун 8 аб. класс лъугIи забурал ва 10 аб. класс лъугIизабиялъул экзаменал кьолел росабалъан районалъул слеталде рачIарал гIолилал цIалдохъабаз.

Гьеб слеталда „Совет власталъ 50 сон тIубаялде гIолилаз мустахIикъаб данд чIвай гьабиялъул рахъалъ ва исана 8 аб. ва 10 аб. классазда цIалун лъугIулел гIолохъабазул масъалабазул хIакъалъулъ" доклад гун кIалъазе вахъана ВЛКСМалъул райкомалъул секретарь гьал. ГI. Кадиров.

Гьединго слеталда кIалъазе рахъана 8 сонил ва гьоркьохъел школазда цIалун лъугIун хадуб жидер ругел планазул хIакъалъулъ цIалдохъаби З. АхIмадова, К. Абулмуслимов (Агъвали школа), Н. Халидова (Гъоркьияб Гьаквари школа), А. АсхIабов (Хуштада школа).

Гьелдаса хадуб 8 аб. ва 10 аб. классазда цIалун лъугIаразе хадубккун тIадегIанал цIалул заведениязде цIализе ине ва гIумруялда гьезул хIалтIуе талихI кьей баркун кIалъана КПССалъул райкомалъул секретарь П. Закарьяева, КПССалъул райкомалъул руччабазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул отделалъул заведующая гьал. Р. АхIмадова ва райОНОялъул заведующий гьал. Къ-М МухIамадов.

Слеталда гIахьаллъараз исана районалъул киналго школазда къватIире риччаялъул классазда цIалун лъугIарал цIалдохъаби-гIолилазде гьабураб хитIаб къабул гьабуна.

Слеталъул ахиралда букIана школазул художествалъулаб хIаракатчилъиялъул коллективазул церерахъин ва спорталъул къецал тIоритIи.

Н. Ж.

СРалъул Министрзабазул Советалда цебе буге6 печаталъул

Росдае васлъунги улкаялъе чилъунги вуго

(Байбихьи - цебесеб номералда)

Сайгидпашал гIумруялъул байбихьийин абуни, букIана киназулго гIадаб гIадатияб: анкьго сон байдал цIализе лъугьана Хасавюрт шагьаралъул анцIила лъабабилеб школалде. Школалда цIалулаго, гьесул ракI тIаде цIалел дарсаллъун рукIана математика, биология ва физкультура.

ГьитIинго машгъуллъана Сайгидпаша эркенаб гугариялде. Доб заманалда киналго васазул гьира букIунаан Дагъистаналъул цIар рагIарал Загьалав ГIабдулбеков, ГIали ГIалиев, Суракъат Асиятилов, Юрий Шахмурадов гIадал багьадурзабазул нухдасан ине. Школалда цIалулго, Сайгидпашае рес щвана ТIолгосоюзалъул гIолилазул къецазда гIахьаллъизе, ва гьенив гIолохъанав гугарухъанасул тIадчIейги махщелги бихьарав украиназул командаялъул тренерас Сайгидпаша ахIана Харьковалъул машинаби гьарулеб техникумалде цIализе ва жидерго командаялъул кьеразулъ гугаризе.

ЦIали лъугIун хадубги, Сайгидпашаца рехун течIо спорталъулгун бухьен, живго къецазда цевевахъиналъул гIумруялдаса араб мехалда гьев хIалтIана тренерлъун ва, абизе ккола, гьес цIанин нилъее кинаесго бокьулеб спорталъул тайпаялде - эркенаб гугариялде гьорлъе жиндирго вацасул васал, Дагъистаналъул эркенаб гугариялъул тарихалъулъ мустахIикъаб бакI ккурал багьадурзаби: жидеда гьорлъа Дунялалъул, Европаялъул ва Олимпиялъул чемпионал рахьарал Багьавудин, Шамил ва Мурад ГIумахановал, кIицIулго Олимпиялъул хIаязул чемпион, яцалъул вас Мавлет Батиров.

Махщел тIокIал гугарухъаби хIадур гьариялъулъ росарал бергьенлъабазе гIоло, Сайгидпаша ГIумаханов 1994 соналда мустахIикълъана Россиялъул Федерациялъул ва Евррропаялъул бищунго лъикIав тренер абураб тIадегIанаб цIаралъе.

Заманалдасан политикаялде гьорлъе лъугьиналъ Сайгидпаша ГIумахановас тренерасул иш рехун тезе ккана ва жакъа къоялда жанибги гIемерал гугарухъабаз жидерго насихIатчилъун гьев рикIкIуна. Сайгидпашаца гIолохъабазул жиндехунго бугеб мугъчIвай, гьез жиндирго гьабулеб адаб-хIурмат унгоунгояб талихIлъун рикIкIунеб буго.

Киназдаго лъала жакъа гIадатияб халкъалъул гIумру цIакъго захIмалъун букIин. РакIчIараб харж щолеб хIалтIи гьечIого хутIарал гIадамал шагьаралдаги, сверухъ ругел росабалъги ва тIолалго районаздаги дагьал гьечIо. Гьединал чагIазе бажарараб кумек гьаби, гьезул кваранлъи-захIмалъи бигьалъизаби Сайгидпаша ГIумахановас жиндирго гIумруялъул аслияб масъалалъун рикIкIуна. Гьеб рахьалъ гьес бихьизабулеб сахаватлъиялъул хIакъалъулъ гIадамазда гьоркьор биценал тIиритIун руго. Гьале Сайгидпашал хIалтIул гьеб рахь рагьулеб цо гьитIинаб мисал. Шагьаралъул администрациялъул бетIерлъун вищун гIемер мех иналде, гьесухъе вачIуна лъабо херав чи ва цIакъго загIипаб гIурус мацIалда бичIчIизабула жидер росулъ балеб мажгиталъе щуго кубометр хьарщи-цIулалъул камун бугин ва бокьилаанин гьеб рахьалъ кумек гьабизейилан. Гьалбаги чаялъул тепсиялда нахъа гIодор чIезарун, Сайгидпашаца телефоналъ ахIула жиндирго божарав, бакIал раялъул материалазул дармида вугев базарганасухъе ва гьарула хераз абулеб тайпаялъул хьорщолги цIун машина администрациялъул минаялде аскIобе битIеян. Хераз, жидее кумек гьабизе рагIиги кьун, рекIкI гьабурав чанго чиясул цIар рехсана, амма Сайгидпашаца гьелде кIвар кьечIо. ГIемер заман иналде хабар лъана хьорщол цIураб КамАЗ кьотIноб чIун бугилан ва чаялдаса хадуб гIетI бучIичIел херазул рохел бихьизе лъикIанха нужеда, Сайгидпашаца нужер кваригIел тIубан бугин ва, гьанже сапаралъ рахьине бегьулилан, абидал. ЖамагIатчагIи, хважаинасдехун кIудияб адаб-хIурматги загьир гьабун, рахьана кьватIире, хважаинасде мугъги рехичIого тана гьез кабинет. Чан гьединал лахIзаталха гьесул гIумруялда рукIун ратилел.

Даим гIурччинаб накIкIигьветI кинигин, цо тIабигIат-гIамалалъеги миллаталъеги хисичIев Сайгидпашадехун лъикIаб гуреб бербалагьи букIана доб мехалъ тIалъиялда рукIаразул.

Зарудаги яргъидаги закон бухьинабураб, кьокъад копоего гIадин гIужие росун нилъер диналъулги, гIелмуялъулги, ва цогидаб политикаялъулал мурадазе гIологи гIадамал чIвалеб мехалъ, жал дажалал ругин чIарал рекъалги гIинкъалги чагIазде данде гьумер битIун вагъулев вукIана Сайгидпаша. Гьеб зулму тIаса индал гьанже хьабчилъбагьадурзаби гIемерлъун руго.

Доб заманаялъ Дагъистаналда букIараб кверщелалъул гIуцIиялда хурхун, гьадин абуна Сайгидпашаца: «Кутакаб хехлъиялда унаго машинаялдаса бортараб таргьа гIадин буго. Гьеб батарал чагIи руго рохелалъ унтун, гьеб биларал руго щидаца унтун».

Дида гIемер рагIана ва ракIалде ккола цогидаздаги дагь рагIун батиларин рагь-кьал кваразги, ригьин-рукъ гIуцIулезги, адабиятальул агьлуялъги, политикаялъул къавмалъги даим абулеб Сайгидпашаца тIубалин жидер ишин, гIицIго гьесде бугин жидер божилъиги хьулгийилан.

ГIажаиблъи гьабизе ккараб жо гьечIищха тIубараб шагьаралъул ва гьанже кIудияб идараялъул министерствоялъул бетIерасул ишазде тIадеги Дагъистаналъул ва цогидал регионазул, Турциялда ругел магIарулазде гIунтIун, гIадатиял гIадамазул ургъалабаз кверде восизе ккани кигIан цIикIкIараб имангиияхIги букIине кколеб. Гьеб жинца лъеберго соналъ Буртунай росдае дибирлъи гьабурав кIудияв инсул, Лабазанил баракатлъун батилин ккола. Бицен буго гьевги гьоболгьудулаcе гьеж гурарав чи вукIанилан.

Абизе ккола, гьев хьизаналъул рахьалъги битI ккарав чи вугилан. Лъицаниги абиларо кIудияб ишалъги цIаралъулги чиясул хьизан гIадатияй гIадан ятилин абун. Жиндир рос гуревги, миллаталъул пикруги къасдги жинда бухьарав чи хIисабалдаги жинца гьесул къимат гьабулин йикIуна Бурлият. Хасго ракI бохизе бачIуна гьелъ лъималаздасан магIарул мацI цIунизе тIалаб гьабулеб бихьараб мехалъ.

Немцазул хьвадарухъанас абуна гьунар бугев чи сундулъго гьунар кодосевлъун хутIулин. Нилъер гIагараб улкаялде кисанго тIадецуй гьабулеб мехалъ гьудуллъи-божилъиялъул кIвар цIикIкIараблъун хутIулеб буго, гьелъ рес кьолелъулха рукIа-рахьиналъул ва магIишатияб бутIаялда улка-ракь цебетIезабиялъе.

Дипломатиялъул бутIаялда жиндиего хасиятаб хатI толеб буго Сайгидпаша ГIумахановас. Гьале цо чанго сон сверана Турциялъул Ялово ва Дагъистаналъул Хасавюрт шагьаразул гьудуллъи-вацлъи лъазабуралдаса. Гьелъ рес кьуна кIиябго шагьаралъул рухIиялгун экономикиял ишал церетIеялъе ва цоцаздехун гIагарлъи-божилъи лъазабиялъе. Гьелъул кIвар бихьарал нилъер машгьурал ракьцоял Шигьабудин Озденица ва МухIамад Эркеница гьев жидергоги цевехъанлъун рикIкIунев вугоан.

Инсан вичIчIизе ккани, гьесул хIакъалъулъ халкъалъул пикру лъазабеян абун буго. Гьединлъидал, батIи-батIияв машгьурал гIадамазул Хасавюрт шагьаралъул бетIерасул хIакъалъулъ бугеб пикру цIехон, нижеца цо дагIадо гьел данде росана.

ТIоцебесеб иргаялда рехсезин кIудияв шайих, жиндир баракат нилъее щваяв ЧIикIаса СагIид-афандияс (къ.с.) 1999 соналъ абурал рагIаби:

«Дица Хасавюрталъе кIиго орден кьелаан, КIиго нухалъ жиндирго гьумер бихьизабидал, Сайгидпашал каранда меседил цIва балаан, Бис гIадин, бандитазда цеве эхетун чIедал».

Гьединго, Хасавюрт шагьаралъул бетIер Сайгидпаша Дарбишевич ГIумахановасе «ХIурматалъул орден» кьолаго РФялъул президент В. В. Путиница абуна:

«Хирияв Сайгидпаша Дарбишевич, мун кидаго ватана бищунго захIматал бакIазда ва дуца Дагъистаналъе сайгъат гьабуна гьелъул букIинесеб. Дагъистан Республика социалиябгун экономикияб рахьалъ цебетIезабиялъе гIоло, Россиялъул экономикияб ва хIукуматалъулаб гуч, гьединго Кавказалда рекъелгун чIара-гъараб гIумру щула гьабиялъе гIоло, Халкъаздагьоркьосел бухьенал ва хурхенал церетIезариялъе гIоло дуе, Хасавюрт МОялъул бетIерасе, кьолеб буго Россиялъул бищун кIудияб шапакъат - «ХIурматалъул орден», - абун.

«Дагъаб гьечIо Сайгидпаша ГIумахановас Хасавюрт тIегьазабиялъе гьабураб хIалтIи. Дида гьев цевего ва цIакъ лъикI лъала машгьурав тренер ва спортсмен хIисабалда. РухIала барахщичIого жиндирго сурсаталги хвезарун, гIемераб хIалтIи гьабуна гьес гIемерал соназ жиндица бетIерлъи гьабулеб Хасавюрт шагьаралда спорт цебетIезабиялъе. Хасавюрталъул гугарухъабазул школа буго гьунар кIудияб ицц. Гьениса лъим гьекъарав чи багьадурлъун вахъуна» - илан рехсана церегIан соназ гьанже Дагъистан Республикаялъул бетIерлъун вугев Рамазан ГIабдулатIиповас.

«Дун, Расул ХIамзатовасда аскIов гIодовги чIун, турниралъул балагьун вукIана. Гьенир рукIана цебесеб СССРалъул батIи-батIияв шагьараздаса рачIарал тIадегIанал вакилзаби.

Турнир гIуцIун бугеб тIадегIанаб даражаялъул хIисабги гьабун, дида ракIалде ккана, Сайгидпаша ГIумаханов гIадал бутIруз нухмалъи гьабулеб бугебани, гIагараб Дагъистаналъул цIар, кьадру-къимат зобалазде бахун букIинаанилан», - абун бицана жиндир мунагьал чураяв ДАССРалъул Верховный Советалъул президиумалъул председателлъун вукIарав Шагьрудин Шамхаловас.

МугIрузул кавулъун, хьутабазул цагъурлъун жиб кколеб Хасавюрт гIадинаб шагьаралъе бетIерлъи гьабизе захIмат батилин тола дица тIубараб Дагъистаналъе бетIерлъи гьабиялдаса. ГIадада гурелъул нилъер хIурматияв муфти АхIмад-хIажица рикIкIунеб Хасавюрталда иш рекъани регионалдаго парахалъи букIунилан.

Лъеберидаса сонал щинкIарав чи вукIана Сайгидпаша шагьаралъул бетIерлъун вахъиндал. Гьале гьесул рагьдухъе щун буго гIумруялъул кIиго щуйил сон. Абизе ккола гьеб къиматалда рекъараб лъалкIги цIарги танин гьес наслабазеги тарихалъеги.

МухIамадрасул ШайхмухIамадов, Хасавюрт шагьаралъул ЖамгIияб палатаялъул председатель

ХIабиб Давудовас хъвалеб буго

ГIадамал, нухал, транспорт

Кибего квер гIунтIула

Июналъул ахиралда, иргадулаб сапаралъ райцентралде вахьарав дида, Агъвали-Шаури нухлул Метрада сверуда чIун ратана гIемер машинаби, къан бугоан кIиябго рахъалъа нух, ай Ункъракьалъул щуго росулъе ва ЦIунтIа районалде. гьеб букIана кутакалда рарал цIадазулгун гороялъул хIасил. Аллагьас ризкъи тIагIун чи толарин абухъе, кидаго лъиего кумек-хIалае ватулев «Дагъстройсервис» ОООялъул директор АхIмад Давудовас гьениб лъуна техника ва, гIемер заман инчIого, нухги рагьана, халкъалъул къварилъиги ана.

Хъулухъалъулаб командировкаялде ине кколев АхIмад, нухлул хIалтIи рагIалде щвезегIан гьенив чIана, ругел гIунгутIабиги малъа-хъван, ритIизаруна. Гьениб ккараб гьитIинабго гара-чIвариялдасан баянлъана, гьедин нухал къачIай АхIмадица нухмалъи гьабулеб коллективалъул щибаб цIад банщинахъ гьабулеб хIалтIи кколеблъи. ХIалтIул исанасеб графикалда рекъон, Хъвайни нух гIатIид гьабун рагIалде бахъунеб буго, гьединго хIадурав вугин абуна Силдибехун нух къачIазеги, Эчеда росдада гьоркь ва ЦIунтIа районалъул Лъацуда росулъ ралел кьоязул хIалтIабиги рагIалде рахъунел рагIула.

Бокьун буго хIажалъи ккаралъув лъиего хIалае ватулев, жиндир сахаватаб квер кибего гIунтIулев АхIмад Давудовасе ва гьесда цадахъ хIалтIулезе рикIкIен гIемерал нухлулазул рахьалъ баркала загьир гьабизе ва гьаризе гьезие гIемерал соназул сахаб гIумру.

ЛъикIаб байбихьи

Ункъракьазулазул данделъи

Гьал гIагарал кьояз Сильди ва Метрада гIорхъуда бугеб «ЛъаргIуда» майданалда ракIарун рукIана Метрада, Гьоркь ва ТIадХъварщини, Цихалахъ, Сильди ва сверул росабазул жамагIатал. гьел ракIарун рукIана гьенив дандчIвай гьабизе вачIун вукIана Россиялъул мустахIикъав тренер, цIар арав речIчIухъан ХIабиб НурмухIамадовасул эмен ГIабдулманап НурмухIамадов.

Гьениб гьесулгун гьитIинабго гара-чIвари гьабуна гьал мухъазул авторас.

-ГIабдулманап, бокьилаан дур сапаралъул мурад бицине?

-Дунги ХIабибги районалде зама-заманалдасан щолаан ва гьеб ккола дир дир умумул гIураб ракьалде бугеб рокьи. Пикру буго «Бедарохьо» байданалда, цо санагIатаб бакIалда Ункъракьалъул гIолилазе букIине спорткомплекст базе. Гьелъул хIалтIабазда тIад вуго. Трактораль ракь-бакI битIизабун, хIадурлъулел руго мина баялде. Гьенир, лъимал спорталдехун машгъул гьарун, куцан, лъикIал спортсменаллъун рахьинари гуребги, гьезда малъизе руго гIараб, ингилис ва гIурус мацIал.

-ГIолилал спорталъул ва спорталъул гурелги т1огьире рахине ккани, щиб хIажалъулеб?

-Гьелъие хIажалъула, тIоцебесеб иргаялда, тIаса бищараб ишалде рокьи, нахъекъай ва хIинкъи гьечIолъи, цере лъурал масъалаби тIуразе щулияб нигат ва ракIчIей, ва, гьединго хIажатал шартIалгиха, гьел чIезариялде кIвар кьолев чиги. ИншаАллагь, гьеб букIинабизе нигат буго дир ва дида цадахъазул. ГьабсагIаталда куцалев вуго 56 спортсмен гьезда гьоркь 6 хIадурав вуго исана кьватIисел пачалихъазда чIахIиял къецазда дандчIвазе.

-Гьанибго бицеха ХIабибил хабарги.

-ГьабсагIаталда ХIабиб хIадурлъулев вуго, сахлъиги лъикIаб буго, Аллагьас хьван батани, ноябралъ дандчIвай букIине буго.

-Терроризм-экстремизмалъул рахъ кколезда, улка бахун кьват1ире «дин лъазабизе» унезда щиб дуца абулеб?

-Дица битIараблъун рикIкIунаро гIолилазул бугеб гьеб гIантаб пикру. ЦIализе-лъазабизе хIажатасе, бацIцIадаб исламги гьанибго буго, тIаса ричIчIичIого лъазабе бокьарас, машгъуллъизе ккола споpталде яги бокьулеб ишалде. ТIалаб гьабизе ккола лъай. Щай гIажал босизе чидар ракьалде унел гIолохъаби, жал ралъаргъулел гIадамазул харбаздаги божун.

Хадуб букIана майданалда хIадураб тепси.

Данделъи

Библиотекаразул хIалтIи

Дагъал церегIан кьояз Агъвали тIобитIана районалъул росабазул библиотекарал гIахьаллъараб данделъи. Гьединал данделъаби зама-заманалда тIоритIи гIадатлъун лъугьун буго росабазда гьоркьосеб районалъул библиотекаялъул. Данделъи рагьарай гьелъул директор ПатIимат ХIасбулаеваль бицана библиотекабазул хIалтIул ва гьелъие нухмалъи гьабиялъул х1акъалъулъ.

Библиотекаялъул методист ПатIимат МухIамадоваль бицана исанасеб сон экологиялъулаблъун лъазабураб букIиналда бан гьеб гьарурал ва хIисабалде росарал хIалтIабазул. ГIемер соназ библиотекаялда хIалтIарал тIиссиса МухIамад ГIабдулаевас, метрадаса ХIабиб Давудовас, хьварщиса Узлипат Шамхаловаль церерахьиназда бицана жидерго хIалтIуль ругел гIоларел рахьазул ва хIалтIуль дандчIвалел квекIеназул. Данделъиялъул ахиралда ПатIимат ХIасбулаеваль баян гьабуна библиотекабазул хIалтIухъабазда церечIарал масъалабазул ва гьез гьаризе кколел хIалтIабазул.

Хадуб, гIатIидаб тепсиялда нахъа гIодорги чIун, библиотекараз жидерго хIалтIул хIалбихьиялъул, хадубккунги гьаризесел хIалтIабазул ва гьел лъикIлъизариялъе шартIал чIезариялъул бицана.

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич

Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизару-рал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302 Тираж -2310 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гьулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гьулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электронниияб адрес: Golostsumady@mail.ru

Нижер барки

ГIумрудул кIикъоялда щуго сон тIубала жакъа Дагъэнергосбыталъул районалда бугеб отделалъул нухмалъулев МухIамадхIажи ГIалиевас. Гьев вуго гьитIинасул адабги, кIудиясул хIурматги гьабизе лъалев, магIарул яхIги махIги чорхолъ бессарав унго-унгояв магIарулав. ГIадамазе лъикIлъи гьабиялъе тIамулеб буго гьес гали. ГьитIинав, кIудияв батIа гьавичIого, кидаго хIадурав вуго гьев кIвараб лъикIлъи гьабизе. Гьелъулъ буго МухIамадхIажил чилъиги, гIаданлъиги, гIадатлъиги, иманги, яхI-намусги.

Кив вугониги миллатги, инсул ватIанги, росдал мацIгун цIарги, умумузул гIадатги рехун течIев МухIамадхIажие гьарула щулияб сахлъи, талихIаб ва халатаб гIумру, хIалтIулъ икъбал, хьизан- лъималаздаса вохун хутIи.

Баркигун «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул хIалтIухъаби ва гьудул-гьалмагъзаби

Прокуратура

Изменения в законодательных актах в области противодействия коррупции

Федеральным законом от 03.04.2017 № 64-ФЗ внесены изменения в отдельные законодательные акты Российской Федерации в целях совершенствования государственной политики в области противодействия коррупции.

Теперь обязанность по проверке полноты и достоверности сведений о доходах, имуществе и обязательствах имущественного характера, представляемых лицами, замещающими муниципальные должности и отдельные должности муниципальной службы, возлагается на высшее должностное лицо субъекта Российской Федерации (руководителя высшего исполнительного органа государственной власти субъекта РФ).

В случае выявления фактов несоблюдения ограничений, запретов, неисполнения обязанностей, которые установлены антикоррупционным законодательством РФ, указанное лицо обращается с заявлением о досрочном прекращении полномочий правонарушителя, или применении к нему иной меры дисциплинарной ответственности в орган местного самоуправления, уполномоченный принимать соответствующее решение, или в суд.

Кроме того, вводится перечень лиц, обязанных принимать меры по предотвращению и урегулированию конфликта интересов; конкретизируется перечень лиц, обязанных представлять сведения о доходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера (своих, супруга (супруги) и несовершеннолетних детей); корректируются обязанности членов избирательных комиссий в области противодействия коррупции; уточняется запрет на участие в управлении некоммерческими организациями лиц, замещающих государственные должности РФ, для которых федеральными конституционными законами или федеральными законами не установлено иное, и лиц, замещающих государственные должности субъектов РФ, муниципальные должности, а также государственных и муниципальных служащих.

Ильяс Вакилов, прокурор района

Налоговая служба

В каких случаях не штрафуют за неприменение онлайн кассы

В соответствии с Федеральным законом контрольно-кассовая техника применяется на территории Российской Федерации в обязательном порядке всеми организациями и индивидуальными предпринимателями при осуществлении ими расчетов.

Исключение составляют организации и индивидуальные предприниматели, осуществляющие расчеты в отдаленных и труднодоступных местностях, (перечень отдаленных или труднодоступных местностей утверждается органом государственной власти субъекта Российской Федерации) или организации, торгующие в киосках мороженым, безалкогольными напитками в розлив, предоставляющие услуги по ремонту и окраске обуви. Полный перечень таких организаций и индивидуальных предпринимателей указан в статье 2 Федерального закона от 22.05.2003 № 54-ФЗ.

Вместе с тем, ФНС России сообщает, что при наличии обстоятельств, указывающих на то, что организации и индивидуальные предприниматели приняли все меры по соблюдению требований законодательства РФ о применении ККТ (например, заключили договор с изготовителем фискальных накопителей о поставке фискального накопителя), то они к ответственности не привлекаются.

Наида Газимагомедова, специалист МРИ ФНС №12 по РД

Эркенаб гугари

Шапакъатазул «цIад» базабуна



7-9 июлалда Польшаялъул Варшава шагьаралда тIобитIана В. Циолковский ракIалде щвезавиялъул эркенаб гугариялъул рахъалъ халкъазда гьоркьосеб турнир.

Гьениб дагьалъ цеве 70 килограмм цIайиялда Россиялъул чемпионлъун вахъарав, МухIамадхIабиб КъадимухIамадовасе щвана кIиабилеб бакI. Гьанже МухIамадхIабиб гIахьаллъизе вуго августалъул авалалда Парижалда тIобитIизесеб Дунялалъул чемпионаталда.

Баркула МухIамадхIабибида бергьенлъи, гьарула гьесие щулияб сахлъи, къуват ва талихIгун икъбал.

Суратaлда: МухIамадхIабиб КъадимухIамадов ва гьесул тренер ХIасан ГIабдулбасиров.



7-9 июлалда Каспийск шагьаралда тIобитIана ГIали ГIалиев ракIалде щвезавиялъул эркенаб гугариялъул рахъалъ халкъазда гьоркьосеб турнир.

Гьенир гIахьаллъарал нилъер районалъул гугарухъабаз рихьизаруна лъикIал хIасилал: гьезие щвана кIиго тIоцебесеб, кIиго кIиабилеб ва цо лъабабилеб бакIал. 65кг. ва 74кг. цIайиязда тIоцебесеб бакI щвана Абакар ГIабасхIажиевасе ва МухIамад Хизриевасе. 70 кг. цIайиялда МухIамадрасул ГьазимухIамадовас ккуна кIиабилеб бакI, гьесухъа рецIел босана цевеккун гьес къезавун вукIарав Италиялъул гугарухъан Франк Чамизовас. 74кг. цIайиялда кIиабилеб ва лъабабилеб бакIал щвана Силдиса МухIамад МутIалибовасе ва Хъварщиса МухIамад Рамазановасе.



Баркула гIолохъабазда бергьенлъаби, гьарула гьезие хадубккунги спорталъулъ чIахIиял бергьенлъаби ва Олимпиялъул тIогьире рахин.

Суратaлда: Абакар ГIабасхIажиев ва МухIамад Хизриев.

Дагъаб цебе Ставрополь шагьаралда тIобитIараб грэплингалъул рахъалъ ТIолгороссиялъулаб турниралда 71 кг. цIайиялда кIиабилеб бакI щвана Ставрополалъул пачалихъияб медицинаялъул университеталъул 4 курсалъул студент Гьигьихъа Шамил ГIумаровасе.

Гьеб кколаро Шамилил тIоцебесеб бергьенлъи. ЧанцIулго вахъана гьев грeплингалъул, рагъулаб самбоялъул, эркенаб гугариялъул рахъалъ Россиялъул турниразул чемпионлъун. Шамил ккола мисалияб студентги.

Баркула Шамилида бергьенлъи. Гьарула гьесие хадубккунги цIалулъгун спорталъулъ чIахIиял бергьенлъаби.

МухIамад Къасумилав

Утерянный сертификат на материнский (семейный) капитал за номером МК-60353905, выданный Цумадинским районным отделом Пенсионного фонда России 23 июля 2014 года на имя Магомедовой Салихат Магомедовны, считать недействительным.

Гьигьалъ росдал администрациялъул ва школалъул коллективазул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго

ГIумарасхIаб ХIужатулаев

хвеялда бан гьесул хьизан - лъималазда ва гIагарлъиялда. Хварасул рухI иманалда бахъун батаги, гIагарлъиялъе иманияб сабруги кьеги.